

**PENGARUH PENGGUNAAN MODEL COOPERATIVE INTEGRATED
READING AND COMPOSITION (CIRC) BERBANTUAN APLIKASI
WORDWALL TERHADAP KEMAMPUAN MEMBACA PEMAHAMAN
PESERTA DIDIK KELAS IV SD**

Ku

Dewi Amalia Rachman

205060072

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilatarbelakangi ku handapna kamampuh maca pamahaman peserta didik. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun nyaho pangaruh modél diajar Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC) anu dibantuan ku aplikasi Wordwall kana ningkatkeun kamampuh maca pamahaman peserta didik. Panalungtikan ieu ngagunakeun métode kuantitatif kalayan jenis quasi eksperimen jeung desain nonequivalent control group design. Kelas IVA ditetepkeun minangka kelas ékspérimen jeung kelas IVB salaku kelas kontrol, masing-masing diiluan ku 28 peserta didik. Teknik ngumpulkeun data dilakukeun ku cara nguji, observasi, jeung dokumentasi. Dumasar kana hasil panalungtikan, prosés pembelajaran lumangsung kalayan hadé, ieu ditandaan ku ayana béda jeung paningkatan dina hasil pretest jeung posttest. Dina pretest, rata-rata nilai di kelas ékspérimen nyaéta 36,21, sedengkeun di kelas kontrol ngahontal rata-rata nilai 38,93. Nilai rata-rata peserta didik naék dina posttest, di mana kelas kontrol ngahontal 63,50 jeung kelas ékspérimen ngahontal 74,86. Sajaba ti éta, paningkatan dina panalungtikan ieu bisa ditempo tina hasil uji N-Gain nu ngahontal 29,58% di kelas kontrol jeung 64,72% di kelas ékspérimen. Pikeun ngukur pangaruh modél ieu, dumasar kana hasil uji effect size, nilai nu dicumponan nyaéta 0,762, nu kaasup kana kategori luhur. Dumasar kana analisis data di luhur, bisa disimpulkeun yén palaksanaan modél CIRC nu dibantuan ku Wordwall mibanda pangaruh anu gedé sarta épéktif pikeun ningkatkeun kamampuh maca pamahaman peserta didik.

Kata Kunci: *Cooperative Integrated Reading and Composition, wordwall, membaca pemahaman*